




# Home Link - Haitian Creole

**(Lyen Lakay) Inite 4: Monn Koulè Yo: Semèn 3**

Chè Fanmi: Nan inite sa a pitit ou pral aprann sou koulè. Eseye omwen twa nan aktivite amizan sa yo, oswa fè tout! Sa ki pi enpòtan an se jwi tan an avèk pitit ou pandan n ap aprann konnen ki sa k ap fèt nan sal klas la. Tanpri, kolorye kare aktivite sila yo nou chwazi yo epi remèt fòm sa a bay lekòl la lendi pwochen.

**AMIZE N!**

Non timoun nan: \_\_\_\_\_

<p style="text-align: center;"><b><u>Langaj</u></b></p> <p><b>Deyò A Mwen Wè:</b> Mande pitit ou an pou l patisipe avèk ou nan yon jwèt devinèt pandan w ap itilize kèk koulè ou wè deyò kay la. Di pitit ou an “mwen wè ak ti je m yo yon bagay _____ (vèt).” Mande pitit ou an pou l devine sa ou wè a. Epi mande pitit ou an pou l ajè kòm “Espyon” an kounyea pou l wè kichòy tou</p>	<p style="text-align: center;"><b><u>Gwo Mouvman ak Misk Ou Yo</u></b></p> <p><b>Sote e Ponpe Selon Nimewo An:</b> Montre pitit ou an yon nimewo sou dwèt ou (1 a 10). Sote oswa ponpe avèk pitit ou an selon kantite nimewo sa a pandan n ap konte awotvwa.</p> <p><b>Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Èske w renmen ponpe oswa sote plis? Poukisa?</li> <li>• Ki lòt mouvman nou kapab eseye?</li> </ul>
<p style="text-align: center;"><b><u>Matematik</u></b></p> <p><b>Chas Rektang:</b> Yon rektang genyen 4 bò ki konekte ansanm epi bò opoze yo gen menm mezi an. Chèche jwenn 5 objè rektang ak 5 ki PA rektang. Pale sou ki fason yo diferan.</p> <p><b>Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Se ki jan _____ sa a se yon rektang?</li> <li>• Se ki jan _____ sa a PA yon rektang?</li> </ul>	<p style="text-align: center;"><b><u>Alfabetizasyon</u></b></p> <p><b>Chante ansanm:</b> Sa a se yon chante pitit ou dwe abitye avè l</p> <p style="text-align: center;"><b>Apples and Bananas</b></p> <p>I like to eat, eat, eat apples and bananas. I like to eat, eat, eat apples and bananas. I like to ate, ate, ate ay-ples and ba-nay-nays. I like to ate, ate, ate ay-ples and ba-nay-nays. I like to eat, eat, eat ee-ples and bee-nee-nees. I like to eat, eat, eat ee-ples and bee-nee-nees. I like to ite, ite, ite i-ples and by-ny-nys. I like to ite, ite, ite i-ples and by-ny-nys. I like to ote, ote, ote oh-ples and bo-no-nos. I like to ote, ote, ote oh-ples and bo-no-nos. I like to oot, oot, oot oo-ples and boo-noo-noos. I like to oot, oot, oot oo-ples and boo-noo-noos.</p>

# Rejis Lekti Yo

Make chak jou ou menm ak pitit ou li yon istwa ansanm. Liv yo kapab ann anglè oswa nan lang natif-natal nou. Vizite bibliyotèk piblik ou a pou gwo liv sou mond lan nan koulè!

Lendi \_\_\_\_ Madi \_\_\_\_ Mèkredi \_\_\_\_ Jedi \_\_\_\_ Vandredi \_\_\_\_ Samdi \_\_\_\_ Dimanch \_\_\_\_

## Liv n ape li lekòl la:

*The Lion and the Little Red Bird*  
ekriven: Elisa Kleven

## Lòt liv ou menm ak pitit ou an kapab jwi ansanm:

*Cat's Colors* ekriven: Jane Cabrera  
*Brown Bear, Brown Bear, What do you See?*  
ekriven: Bill Martin Jr.

## Kèk Konsèy pou Lè n Ap li Ansanm:

- Chita ansanm nan yon plas trankil epitou ki konfòtab.
- Pandan n ap li, souliye epi defini kèk nouvo vokabilè. Pa egzanp, “**Enchanted** vle di ranpli avèk mèvèy ak plezi.”
- Pandanke n ap li, poze pitit ou kesyon ki gen pou wè ak liv la. Pa egzanp, “Se ki jan ti zwazo wouj la te ede lyon an?”